| Qaraqalpaqstan Respublikası<br>Taxtakópir rayonı<br>HÁKIMINIŃ<br>SHESHIMI | Qoraqalpog'istonRespublikasi<br>Taxtako'pir tumani<br>HOKIMINING<br>QARORI |
|---|---|
| Taxtakópir rayonı | Taxtako'pir tumani |

2024 - yil 23 - aprel 99-13-189-Q/24 Taxtako'pir tumani hokimligi

**2024-jılda Taxtakópir mámleketlik Toǵay xojalıǵınıń toǵay fondı jerlerinde órt qáwipsizliginiń aldın alıw ilajları haqqında**

Ózbekstan Respublikasınıń "Toǵay haqqında"ǵı Nızamınıń 32-statyası hám Ózbekstan Respublikasınıń "Jergilikli mámleketlik hákimiyat haqqında"ǵı Nızamınıń 6-statyasına muwapıq.

**SHESHIM ETEMEN:**

1. Usı sheshim nızamlı túrde kúshke kirgen kúnnen baslap 2024-jıl 1-dekabrge shekem Taxtakópir mámleketlik Toǵay xojalıǵınıń toǵay fondı aymaǵında "Toǵaylarda órt qáwipsizligi máwsimi" dep belgilensin.

2. Rayon aymaǵındaǵı toǵaylarda órt qáwpiniń aldın alıw hám órt bolǵan jaǵdayda Taxtakópir rayonı boyınsha islenetuǵın is-ilajlar qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

3. Taxtakópir mámleketlik Toǵay xojalıǵı direktorı (B.Turdıbaev)na, órt kelip shıǵıwınıń aldın alıw maqsetinde toǵaylardı qadaǵalaw boyınsha tómendegi jumıslardı alıp barıw tapsırılsın:

a) órt qáwipsizligi talaplarınıń buzılıwınıń aldın alıw, toǵaylardıń áhmiyeti haqqında puqaralar arasında keń túsinik jumısların júrgiziw;

b) toǵaylarda órtke qarsı gúresiwge, jollardı taza uslawǵa ayrıqsha itibar qaratıw;

v) toǵaylarǵa kirer orınlarǵa arnawlı eskertiwshi belgiler qoyıw hám bar bolǵan belgilerdi qaytadan jańalaw;

g) toǵay fondı maydanlarında tábiyiy hám texnikalıq jaǵdaylardıń aldın alıw, ayrıqsha jaǵdaylarda tiyisli jergilikli hákimiyat uyımları, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, Ishki isler bólimi hám basqa da kárxanalar menen birgelikte keshiktirip bolmaytuǵın ilajlar islep shıǵılıp, olardıń orınlanıwın támiyinlew tapsırılsın.

4. Taxtakópir rayonı hákiminiń orınbasarı (S.Dosbergenov) hám rayonlıq Diyqan, fermer xojalıqları hám qıytaq jer iyeleri keńesine, órtke qarsı ilajlar kóriw, toǵay fondı jerleri menen shegaralasqan atızlardıń átirapların, jap hám salmalardı tazalaw waqtında órt kelip shıǵıwınıń aldın alıw maqsetinde quwraǵan shóplerdi jaǵıp jibermew, ekologiyalıq ortalıqtı jaqsılaw boyınsha jumıslardı ámelge asırıw tapsırılsın.

5. Usı sheshim rayonlıq "Taxtakópir tańı" gazetasında hám rayon hákimliginiń web saytında járiyalansın hám járiyalanǵan kúnnen baslap kúshke kirsin.

6. Taxtakópir rayonı hákiminiń 2023-jıl 15-iyun kúngi 73-13-189-Q/23-sanlı sheshimi óz kúshin joyıtqan dep esaplansın.

7. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw rayon hákiminiń ekologiya hám Aralboyı aymaǵın rawajlandırıw máseleleri boyınsha birinshi orınbasarı (T.Toqımbetov)na tapsırılsın.

**Taxtakópir rayonı hákimi** **J.Adilov**

Taxtakoʻpir tuman hokimining
2024-yil 23-apreldagi
99-13-189-Q/24-son qaroriga
1-ilova

**Toǵaylarda órt qáwpiniń aldın alıw hám órt bolǵan jaǵdayda Taxtakópir rayonı boyınsha islenetuǵın**

**IS ILAJLAR**

| № | Islenetuǵın jumıslardıń túrleri | Orınlaw múddeti | Orınlaw ushın juwapker |
|---|---|---|---|
| 1 | Toǵaylarda órt qáwpi bolǵan waqıtta operativ túrde rayonlıq ayrıqsha jaǵdaylar bóliminiń 101 hám mámleketlik toǵay xojalıǵınıń 99.577-00-30, 93.485-05-94, 93.920-75-16. 93.920-19-76, 97.788-48-47 telefon nómerlerine xabar beriw. Bul haqqında dárhal rayon hákimligine hám rayonlıq Ishki isler bólimine xabarlaw | Órt qáwpi payda bolǵan waqıtta | Mámleketlik toǵay xojalıǵı baslıǵı, toǵay inspektorı, toǵay tóreleri,toǵay injineri |
| 2 | Toǵay xojalıǵı áhmiyetine iye hám órtke qarsı maqsetler ushın qurılǵan jollardı tazalaw | Jıl dawamında | Bas toǵay tóresi, toǵay inspektorı, toǵay tóreleri |
| 3 | “Aqbóget” hám “Dáwqara” toǵay tórelerinen órt bolǵan jaǵdayda órt óshiriwshi toparların dúzip, órt óshiriw tártibin túsindirip barıw | Jıl dawamında | Bas toǵay tóresi, toǵay tóreleri, rayonlıq ayrıqsha jaǵdaylar bólimi menen birgelikte |
| 4 | Órttiń aldın alıw boyınsha toǵaylarǵa jaqın jaylasqan fermer xojalıqları hám sol aymaqta jasawshı puqaralar arasında turaqlı túrde órt qáwipsizligi talapların qatań saqlaw boyınsha úgit-násiyat jumısların alıp barıw | Jıl dawamında | Mámleketlik toǵay xojalıǵı baslıǵı, rayonlıq Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi baslıǵı, puqaralar jıyınları aqsaqalları |
| 5 | Toǵayda órttiń aldın alıw boyınsha jańadan eskertiwshi belgilerdi ornatıw, eskilerin jańalaw | Bir ay múddette | Bas toǵay tóresi, toǵay tóreleri |
| 6 | “Aqbóget” toǵay tóreligi órtke qarsı gúresiwshi 1 dana suw saqlawshı 10 tonnalıq ıdıs, 10 dana shelek, 2 dana jarǵı, 1 dana benzopila quralları menen támiyinlew hám saqlaw orınların belgilew | Bir ay múddette | Mámleketlik toǵay xojalıǵı direktorı, toǵay inspektorı, toǵay tóreleri |
| 7 | Órt payda bolıw qáwpi bar bolǵan orınlarda órt óshiriw ushın ıdıslarda 800 litrden artıq suw muǵdarın saqlaw | Jıl dawamında | Toǵay tóreleri, toǵay qorıwshıları (bajbanlar) |
| 8 | Toǵaylarda órt qáwipsizligin támiyinlew maqsetinde puqaralardıń hám texnikalardıń toǵayda sebepsiz júriwin qadaǵan etiw | Jıl dawamında | Mámleketlik toǵay xojalıǵı baslıǵı, rayonlıq Ishki isler bólimi, puqaralar jıyınları aqsaqalları |
| 9 | Awıl xojalıq eginleri egisine tayarlıq dáwirinde toǵay xojalıǵı menen shegaralas jaylasqan fermer xojalıqlarınıń atızları, jap-salmalardı tazalaw waqtında shóp-sharlardı jaǵıwdı qadaǵan etiw | Jıl dawamında | Direktor orınbasarları, rayonlıq Ishki isler hám Ayrıqsha jaǵdaylar bólimleri, puqaralar jıyınları aqsaqalları menen birgelikte |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 10 | Puqaralıq qorǵanıw hám ayrıqsha jaǵdaylardı saplastırıw basqarmasınıń kórsetpesi boyınsha puqaralardı órt óshiriwge qatnastırıw (mobilzaciya) ushın transport quralları menen támiyinlew | Órt bolǵan waqıtta | Direktor orınbasarları, Ishki isler hám Ayrıqsha jaǵdaylar bólimleri menen birgelikte |
| 11 | Toǵayda ayrıqsha jaǵdaylar bolǵanda jergilikli jasawshı puqaralardı qáwipsiz orınǵa kóshiriw | Órt bolǵan waqıtta | Rayon hakimligi, rayonlıq Ishki isler hám Ayrıqsha jaǵdaylar bólimleri menen birgelikte |
| 12 | Órt qáwpiniń aldın alıw ushın toǵay xojalıǵında rezervte zárúrli traktor, avtomobil hám janarmay toltırılǵan ıdıslar menen támiyinlew | Jıl dawamında | Mámleketlik toǵay xojalıǵı baslıǵı |
| 13 | Toǵaylarda órt bolǵan waqıtta qosımsha paydalanıw ushın rayonlıq ayrıqsha jaǵdaylar bólimshesiniń órt óshiriwshi arnawlı avtomobilleri hám ásbap-úskeneleri menen tolıq qatnasıwın támiyinlew | Órt bolǵan waqıtta | Rayon hakimligi, rayonlıq Ishki isler hám Ayrıqsha jaǵdaylar bólimleri, Mámleketlik toǵay xojalıǵı baslıǵı. |
| 14 | Toǵayda ayrıqsha jaǵdaylar júz bergende zárúrligine qaray qonısılas rayonlardan órt óshiriwshi avtomobillerin járdemge shaqırıw ilájların kóriw | Órt bolǵan waqıtta | Xojalıq direktorı, Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi menen birgelikte |
| 15 | Toǵaylarda órt qáwpiniń aldın alıw, onı boldırmaw, bolǵan jaǵdayda qanday ilajlar qollanıw, ulıwma toǵaylardıń, jasıl tábiyattıń áhmiyeti haqqında ǵalaba xabar quralları arqalı turaqlı túrde maqalalar, radio esittiriwler, tele kórsetiwler berip barıw | Jıl dawamında | Bas toǵay tóresi, toǵay inspektorı, "Taxtakópir tańı" gazetası redakciyası menen birgelikte |
| 16 | Órt qáwpi kóp ushırasatuǵın máwsimlerde UAZ-31512 avtomashinası menen náwbetshilik toparların shólkemlestiriw | Órt qáwpi ushırasatuǵın máwsimlerde | Bas toǵay tóresi, toǵay inspektorı |
| 17 | "Aqbóget" hám "Dáwqara" bólimlerinde órt qáwipsizliginiń aldın alıw boyınsha máwsimlik qarawıl jumısın alıp barıwshı xızmetkerlerdi jumısqa alıw | Órt qáwpi ushırasatuǵın máwsimlerde | Direktordıń shegara isleri boyınsha orınbasarı, bas toǵay tóresi, toǵay inspektorı |
| 18 | Is-ilajda belgilengen jumıslardıń orınlanıwı boyınsha rayon hákimligine hám Qaraqalpaqstan Respublikası Toǵay xojalıǵı komitetine óz waqtında maǵlıwmat berip barıw | Hár aydıń 1-5-sánesi aralıǵında | Bas toǵay tóresi, toǵay inspektorı |